

# Zouti Kominotè Eta New York

Yon gid resous pou imigran Nouyòkè yo  
Janvye/Fevriye 2023



Kowalisyon Imigrasyon New York te devlope zouti sa a pou bay yon resous pou manm kominote yo ansanm avèk patnè ak alye nou yo ki travay avèk yo. Yo mete zouti sa a ajou regilyèman selon chanjman ki baze sou lwa ak règleman yo.

Dènye enfòmasyon ki te ajou sou: 02.16.2023

## **Kontni**

- Sante **3**
- Imigrasyon **4**
- Edikasyon **7**
- Demokrasi **8**
- Ekonomi **9**
- Konnen dwa ou **11**
- Krim Rayisman **12**
- Resous NYS **13**

# Sante



## Asirans Sante

- Chanjman enpòtan ap vini byento pou Nouyòkè yo ki enskri nan Medicaid, Child Health Plus, ak Plan Esansyèl la.
  - Depi kòmansman ane 2020, yo te pwolonje pwoteksyon moun ki enskri nan pwogram sa yo otomatikman akòz règleman gouvènman federal ki gen rapò ak COVID-19.
  - Sepandan, nouvo règleman federal yo pral mande Eta New York pou rekòmanse revizyon ak renouvelman kalifikasyon pou moun ki enskri nan pwogram sa yo. Sa vle di ou ka bezwen pran aksyon pou renouvre asirans sante w oswa asirans manm fanmi w yo.
  - Apati prentan 2023, yo pral voye avi renouvelman bay moun ki enskri nan pwogram sa yo dapre dat fen enskripsiyo yo. Avi renouvelman yo pral gen ladann dat limit pou pran aksyon pou renouvre asirans yo oswa riske genyen yon entèripsyon nan kouvèti asirans. Dat limit yo pral baze sou dat fen enskripsiyo yo epi li pral apati 30 Jen 2023 jiska 31 Me 2024.
  - Enskri pou resevwa alèt tèks ki soti nan NY State of Health pou ou pa rate dènye enfòmasyon enpòtan sou asirans sante, tankou lè li tan pou renouvre:
    - Tèks START nan [1-866-988-0327](tel:1-866-988-0327) (pou Panyòl, tèks INCIAR)
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes](http://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes)

- Nouyòkè yo ka jwenn asirans sante piblik ak komèsyal atravè NY State of Health. Peryòd enskripsiyo ouvè pou pwoteksyon 2023 a te kòmanse nan 16 Novanm 2022.
  - Enskri anvan 15 nan mwa a pou jwenn pwoteksyon apati 1ye mwa ki vin apre a. Pa egzanp: ou dwe enskri anvan 15 Desanm 2022 pou pwoteksyon kap kòmanse 1ye Janvyé 2023.
- Kijan pou w enskri
  - Jwenn asistans enskripsiyo gratis nan men yon Navigatè, an pèsòn oswa pa telefòn. Jwenn yon Navigatè nan [info.nystateofhealth.ny.gov/jpanavigatorsitelocations](http://info.nystateofhealth.ny.gov/jpanavigatorsitelocations).
  - Rele Sant Sèvis Kliyan Sante NY State nan [1-855-355-5777](tel:1-855-355-5777).
  - Anliy nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov). Yon fonksyon mesaj disponib sou sit entènèt la pandan èdtan sant sèvis kliyan pou ede w ranpli aplikasyon w lan.
  - Rezidan Vil New York yo: rele [311](tel:311), tèks "CoveredNYC" nan [877-877](tel:877-877), oswa vizite [on.nyc.gov/healthinsurance](http://on.nyc.gov/healthinsurance) pou w jwenn èd ak lòt resous.
- Pou w jwenn enfòmasyon sou plizyè lang sou kouvèti sante nan [info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials](http://info.nystateofhealth.ny.gov/InformationalMaterials)

## Jwenn tès COVID-19 gratis - lakay ou

- Si w gen yon plan sante (asirans atravè yon anplwayè oswa yon mache, oswa pwogram piblik tankou Medicaid, Medicare, oswa CHIP), ou ka jwenn jiska 8 twous tès gratis chak mwa.
  - Ou ka sèvi ak yon famasi oswa yon magazen ke plan sante w la deziyen "nan rezo" kote yo pral fè w peye \$0, oswa ou ka jwenn ranbousman lè w soumèt yon reklamasyon.

## Pran vaksen jodi a

- Vaksen COVID-19 yo GRATIS kèlkeswa siti�asyon imigrasyon oswa kouvèti asirans.
- Vaksen yo disponib anpil nan famasi, depatman sante lokal yo, klinik yo, Sant Sante ki kalifye federalman yo, ak lòt kote atravè Eta New York.
- Vizite [Vaccines.gov](http://Vaccines.gov), tèks kòd postal ou nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](tel:1-800-232-0233) (TTY 888-720-7489) pou jwenn randevou toupre w.

# Imigrasyon 1/3

## Nouvo pwosesis pou Kibèn, Ayisyen, Nikaragwan, ak Venezyelyen

- DHS te anonse yon nouvo pwosesis ki pèmèt sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragua ak Venezyela, ak manm fanmi imedya yo, mande pou yo vin Ozetazini.
- Moun ki kalifye ki andeyò peyi Etazini epi ki manke dokiman pou yo antre kapab kounye a jwenn konsiderasyon sou yon baz ka-pa-ka, pou yon otorizasyon davans pou vwayaje, ak yon peryòd tanporè parole pou jika 2 zan pou rezon imanitè.
- Pou patisce nan pwosesis sa a, moun yo dwe genyen yon sipòtè Ozetazini ki dakò pou ba yo sipò finansye. Yo dwe pase tou verifikasyon sekirite ak antesedan sou dosye kriminèl, epi satisfè lòt kritè kalifikasyon.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, vizite [uscis.gov/CHNV](https://uscis.gov/CHNV).

## Ranpli anliy pou moun kap chèche azil yo


- Nan dat 9 novamm 2022, USCIS te anonse ke sèten aplikan azil afimatif kapab kounye a ranpli yon Fòmilè I-589 sou Entènèt, Aplikasyon pou Azil ak pou Sispansyon ranvwa.
- Nan dat 23 Janvye 2023, USCIS te anonse ke sèten aplikan azil afimatif kapab kounye a ranpli yon Fòm I-765 sou Entènèt, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay.
- Ranpli fòm sou Entènèt ap pèmèt aplikan yo soumèt fòm yo elektwonikman, tcheke estati aplikasyon yo sou Entènèt, epi resevwa avi sou Entènèt nan men USCIS. Ou ka ranpli pou azil afimatif si ou prezan fizikman Ozetazini.
- Pou aplike pou yon Dokiman Otorizasyon Travay (EAD) ki baze sou aplikasyon azil ou ki annatant anba kategori kalifikasyon (c)(8), ou ka ranpli Fòm I-765 150 jou apre ou fin ranpli aplikasyon azil ou a.

## Enfòmasyon pou arive resan: ICE ak ISAP enskripsiyon ak fòm chanzman adrès

- Gen anpil differan ajans imigrasyon nan gouvènman ameriken an. Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) se ajans ki fè respekte lwa imigrasyon, epi Pwogram Sipèvizon Entansif Aparans (ISAP) se non pwogram ICE pou kontwole sèten imigran.
- Gen kèk moun ki oblige tcheke regilyèman avèk ICE oswa ISAP kòm yon pati nan dosye yo. Si w te antre Ozetazini lè w te travèse fwontyè a epi yo te arete w, oswa si yo te arete w kèk tan apre w te fin antre nan peyi a, ou ka gen enskripsiyon ICE oswa ISAP.
  - [\(Angle\)](https://help.asylumadvocacy.org/faqs-ice-isap)
  - [\(Panyòl\)](https://apoyodeasilo.org/preguntas-frecuentes-ice-isap)
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis anrejistreman an, vizite:
  - [\(Angle\)](https://ice.gov/doclib/detention/checkin_changeAddress-en.pdf)
  - [\(Panyòl\)](https://ice.gov/doclib/detention/checkin_changeAddress-es.pdf)
- Si ou gen yon dosye nan Tribunal Imigrasyon, ou dwe kenbe adrès aktyel ou an avèk ICE ak tribal la.
  - Pou chanje adrès ou ak Tribunal Imigrasyon an, ou dwe ranpli Fòm EOIR-33/IC, ki disponib nan Tribunal Imigrasyon lokal la ak sou Entènèt nan justice.gov/eoir/formslist.htm. Ou dwe fè sa nan 5 jou apre w fin deplase nan yon nouvo adrès.
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade:
    - [\(Angle\)](https://ice.gov/doclib/detention/checkin_changeAddress-en.pdf)
    - [\(Panyòl\)](https://ice.gov/doclib/detention/checkin_changeAddress-es.pdf)
- Si w gen yon dosye ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), ou ta dwe kenbe adrès aktyèl ou a avèk USCIS pou asire w ke ou resevwa korespondans ak benefis yo alè epi evite reta nan dosye w la. Pou plis enfòmasyon, vizite [uscis.gov/addresschange](https://uscis.gov/addresschange).



# Imigrasyon 2/3




## Aksyon Difere pou Arive Timoun [Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA)]

- Nan dat 5 Oktòb 2022, yon tribinal apèl federal nan Louisiana te deside ke DACA se pa yon pwogram legal jan yo aplike kounye a. Tribunal apèl la te voye dosye a retounen nan tribunal distri Texas pou l konsidere nouvo règleman DACA 2022 administrasyon Biden lan, ki pwogramme pou antre anvigè nan dat 31 Oktòb 2022.
- Litij ap kontinye, kidonk li posib ke pral gen lòt chanjman nan pwogram lan.
- Antretan, DHS ap kontinye aksepte ak trete demann renouvelman DACA (ki gen ladan demann pou pèmi travay ak parole alavans). DHS pral aksepte men li pap trete premye demann DACA yo.
  - Si w gènyen DACA kounye a, estati w toujou valab.
  - Si DACA ou ap ekspire byento, renouvel kounye a!
  - Si w te soumèt yon premye aplikasyon DACA pou USCIS ke yo poko akòde w, aplikasyon sa a pral jele. Li p ap trete jiska yon pwochen avi.
- Moun ki te deja resevwa Aksyon Difere pou Arive Timoun (DACA) kapab kounye a ranpli Fòm I-821D (aplikasyon pou renouvelman DACA) ak I-765 (aplikasyon pou renouvelman pèmi travay) sou Entènèt.
  - Kapasite sa a se pou moun ki gen DACA kounye a oswa ki gen DACA ekspire mwens pase yon ane de sa.
  - Wap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou renouvel DACA anliy:  
[uscis.gov/humanitarian/renew-your-daca](http://uscis.gov/humanitarian/renew-your-daca)

## Estatí Pwoteje Tanporè (TPS) ak Depa Ranfòse Difere (DED)

- Gouvènman ameriken an ka deziyen yon peyi etranje pou TPS si sèten kondisyon, tankou konfli ame oswa dezas natirèl, anpeche sitwayen peyi sa a retounen san danje.
- Pandan yon peryòd deziyen, moun ki aplike pou TPS e ki resevwa yo:
  - Pwoteje kont depòtasyon
  - Kapab jwenn yon pèmi travay ak nimewo sekirite sosyal
  - Yo ka bay otorizasyon pou vwayaje
  - DHS pa kapab arete yo akoz estati imigrasyon yo
- TPS se yon benefis tanporè ki pa mennen nan estati pèmanan. Sepandan, moun ki gen TPS yo ka aplike pou nenpòt lòt avantaj imigrasyon oswa estati non imigran ke yo kalifye pou yo.
- Peyi ki deziyen kounye a pou TPS:
  - Afghanistan, Burma (Myanmar), Cameroon, El Salvador, Ethiopia, Haiti, Honduras, Nepal, Nicaragua, Somalia, South Sudan, Sudan, Syria, Ukraine, Venezuela, Yemen
- Pou enfòmasyon espesifik sou peyi a, kondisyon elijiblite, peryòd enskripsyon, ak dènye mizajou, tcheke [uscis.gov/TPS](http://uscis.gov/TPS).
- Tout aplikant TPS yo kapab kounye a ranpli Fòm I-821, Aplikasyon pou Estati Pwoteje Tanporè, sou Entènèt nan [uscis.gov/i-821](http://uscis.gov/i-821).
- Nan dat 30 desanm 2022, DHS te anonse ekstansyon ak re-deziyasyon Yemen pou TPS pou 18 mwa, soti nan 4 Mas 2023, jiska 3 Septanm 2024.
- Nan dat 12 Janvye 2023, DHS te anonse ekstansyon ak re-deziyasyon Somali pou TPS pou 18 mwa, apati 18 Mas 2023 jiska 17 Septanm 2024.

# Imigrasyon 3/3



## Otorizasyon travay pou Afganistan ak paroeees

### Ikrenyen yo

- Apati 21 Novanm 2022, sèten moun ki gen parole Ikrenyen ak Afgan an, ansanm avèk manm fanmi kalifye yo, pral gen otorizasyon pou yo travay lè yo rive. Sa vle di yo pa bezwen tann pou USCIS apwouye Fòm I-765 yo, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay, anvan yo ka travay Ozetazini.
- Moun ki kalifye yo pral sèlman bezwen montre Fòm I-94 bay travay yo pou yo verifye kalifikasyon yo pou travay. Apre 90 jou, yo pral bezwen montre travay yo yon EAD (pèmi travay), men yo pral anile frè pou ranpli fòm I-765 la.
- Pou w jwenn plis detay, vizite [uscis.gov/newsroom/alerts/certain-afghan-and-ukrainian-parolees-are-employment-authorized-incident-to-parole](https://uscis.gov/newsroom/alerts/certain-afghan-and-ukrainian-parolees-are-employment-authorized-incident-to-parole).

### Ini pou Ikrèn

- Nan dat 21 Avril 2022, Prezidan Biden te anonse yon pwogram pou akeyi Ikrenyen k ap sove envazyon Larisi a. Inite pou Ikrèn bay yon chemen pou sitwayen Ikrenyen ak manm fanmi imeda yo ki andeyò peyi Etazini pou yo vin Ozetazini epi rete tanporèman nan yon peryòd parole pwovizwa dezan.
- Ikrenyen yo k ap patisipe nan Ini pou Ukraine dwe genyen yon sipòtè Ozetazini ki dakò pou ba yo sipò finansye pou dire sejou yo.
- Pou plis enfòmasyon sou pwogram ak pwosesis aplikasyon an, gade paj wèb DHS la: [dhs.gov/ukraine](https://dhs.gov/ukraine)

## Resous pou refijye Afganistan ak parole

### pwovizwa

- Apati 1ye oktòb 2022, administrasyon Biden te sispann sèvi ak libète imanitè pou admèt Afgan yo Ozetazini, e li pral pito konsantre sou reyentegrasyon moun ki evakye Afgan yo ki kalifye pou pwogram imigrasyon ki bay estati legal pèmanan.
- Nan dat 22 novanm 2022, USCIS te anonse li ap pwolonje ak elaji egzanpsyon frè depoze yo ak pwosesis aplikasyon akselere pou sèten sitwayen Afgan an jiska 30 septanm 2023.
- Resous Gouvènman Federal:
  - Gid publik USCIS pou Afghan yo: [uscis.gov/humanitarian/information-for-afghans](https://uscis.gov/humanitarian/information-for-afghans)
  - "Enfòmasyon sou travay konsènan moun ki gen viza espesyal pou imigran afgan yo ak moun ki gen parole pwovizwa" an Angle, Dari, ak Pashto: [justice.gov/crt/worker-information](https://justice.gov/crt/worker-information)
  - Resous Asistans Afgan an atravè gouvènman federal la ki te konpile pa Biwo Re-enstalasyon Refijye yo: [acf.hhs.gov/orr/programs/refugees/afghan-assistance-resources](https://acf.hhs.gov/orr/programs/refugees/afghan-assistance-resources)
- Resous pou reyentegrasyon:
  - New York State – Pwojè Reyentegrasyon I-ARC's Afghan: [immigrantarc.org/afghanistan](https://immigrantarc.org/afghanistan)
  - Vil New York – enkli yon plan sèvis vil ki disponib nan Dari ak Pashto: [nyc.gov/afghanistanresources](https://nyc.gov/afghanistanresources)
  - Lwès New York – Buffalo United pou Evakye Afghan yo: [wnyrac.org](https://wnyrac.org)
  - Albany/Capital region – lis Resous: [bit.ly/3kvWRZd](https://bit.ly/3kvWRZd)
  - Ithaca/Finger Lakes region – Lis Resous Cornell Afghanistan: [bit.ly/3CwfFxy](https://bit.ly/3CwfFxy)
- Human Rights First Data Collection Form for identifying persons in need of evacuation from Afghanistan: [humanrightsfirst.org/afghan-evacuation](https://humanrightsfirst.org/afghan-evacuation)

# Edikasyon

## Asistans pou swen timoun Promise NYC

- Nan mwa Janvye 2023, Vil Nouyòk te lanse Promise NYC, yon nouvo pwogram ki pral bay sibvansyon gadri pou fanmi ki gen revni fèb yo ki gen timoun ki pa gen papye oswa ki pa sitwayen ameriken, ki pa t elijib anvan akòz sitiayson imigrasyon yo.
- Pwogram lan pral sipòte omwen 600 timoun soti Janvye jiska Jen 2023.
  - Fanmi yo kapab elijib si yo:
  - Pa kalifye pou lòt fòm sibvansyon pou gadri
  - Gen timoun laj 0-13 ane
  - Gen yon revni kay ki pi ba pase 300% nivo povrete federal la
- Nou ankouraje fanmi yo pou yo aplike opli vit posib ak òganizasyon komunitè ki deziyen sa yo nan minisipalite yo:
  - Bronx ak Manhattan: Kòporasyon Amelyorasyon Nò Manhattan [Northern Manhattan Improvement Corporation] ([212-822-8300](tel:212-822-8300), [nmic.org/promisenyc](http://nmic.org/promisenyc))
  - Brooklyn: Center for Family Life ([718-438-9500](tel:718-438-9500), [centerforfamilylife.org](http://centerforfamilylife.org))
  - Staten Island: La Colmena ([718-442-7700](tel:718-442-7700), [lacolmenanyc.org](http://lacolmenanyc.org))
  - Queens: Konsèy Planifikasyon Ameriken-Chinwa Chinese-American Planning Council ([718-358-8899](tel:718-358-8899), [cpc-nyc.org](http://cpc-nyc.org))



## Ane Lekòl 2022-23

- NYSED ak Konsèy Administrasyon an te apwouve egzanpsyon COVID-19 pou egzamen Regents nan Jen 2020, Out 2020, Janvye 2021, Jen 2021, Out 2021 ak Janvye 2022. Si yon elèv te resevwa yon egzanpsyon pou egzamen COVID-19, li PA bezwen pran / re-pran egzamen sa a pou w diplome. Nan pwen sa a, pa gen okenn egzanpsyon COVID-19 ki te apwouve pou egzamen Jen 2022 oswa Out 2022.
  - Pou w jwenn plis detay sou egzansyon ki gen rapò avèk COVID-19, gade “Rezime sou modifikasyon Defans Timoun ki pote nan kondisyon pou jwenn yon diplòm akoz COVID-19.”
  - Pou w jwenn plis detay sou dwa timoun yo pou egzamen Regents, gade seksyon Defans pou Dwa Egzamen Regents Timoun yo.”
  - Enfòmasyon an disponib nan plizyè lang nan [advocatesforchildren.org/get\\_help/guides\\_and\\_resources/transition](http://advocatesforchildren.org/get_help/guides_and_resources/transition)

## Èd Finansye Kolèj ak Lwa NYS DREAM

- Ou bezwen lajan pou kolèj? Premye etap ou se ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv (FAFSA) gouvènman federal la. Kounye a se tan pou w kòmanse: kèk lajan federal ak eta a se sou baz premye vini, premye sèvi. Aplike nan [studentaid.gov/FAFSA](http://studentaid.gov/FAFSA).
- Jwenn èd nan [UnderstandingFAFSA.org](http://UnderstandingFAFSA.org), yon sit entènèt ki bay gid ak resous pou elèv ak fanmi yo k ap chèche lajan pou kolèj.
  - Gid pratik gratis FAFSA pou elèv lekòl segondè yo disponib nan dis lang.
  - Sit entènèt la te mete ajou paj pratik pou etidyan ki san papye yo ansanm avèk fanmi imigran yo.
- Lwa DREAM Senatè José Peralta Eta Nouyòk la bay elèv ki pa gen papye ak lòt etidyan yo aksè a sibvansyon ak bous detid Eta Nouyòk administre ki sipòte depans pou edikasyon siperyè yo.
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike, vizite [hesc.ny.gov/dream](http://hesc.ny.gov/dream)

# Demokrasi

**Pou aprann plis sou sistèm eleksyon nou an ak kijan li travay, gade videoyo nou yo:**

- Angle: [youtu.be/-F-xuJ04NpI](https://youtu.be/-F-xuJ04NpI)
- Panyòl: [youtu.be/kkaEngIK-pY](https://youtu.be/kkaEngIK-pY)

## Eleksyon Primè: 27 Jen 2023

- Dènye jou pou w enskri pou w vote nan eleksyon primè sa a, oswa pou w chanje adrès ou, se 17 jen 2023.
- Pou patisipe nan yon eleksyon primè nan Eta New York, ou dwe anrejistre nan yon pati k ap organize yon eleksyon.
  - Si ou pa afilye ak yon pati kounye a epi ou ta renmen enskri nan youn, oswa si ou ta renmen chanje afilyasyon ou an, ou dwe ranpli yon nouvo fòm enskripsyon elektè pou reflete chanjman ou yo.
  - Dènye jou pou chanje enskripsyon pati ou a pou eleksyon primè Jen 2023 la se 14 Fevriye 2023.
- Pou revize enskripsyon elektè w ak afilyasyon yon pati, vizite [voterlookup.elections.ny.gov](https://voterlookup.elections.ny.gov).
  - Si w gen kesyon sou estati enskripsyon w, kontakte Konsèy Eleksyon konte w la: [www.elections.ny.gov/CountyBoards.html](https://www.elections.ny.gov/CountyBoards.html)
  - Rezidan NYC yo: vizite [vote.nyc](https://vote.nyc)



## Anrejistre pou vote

- Ou ka enskri pou vote si ou gen 16 ane oswa plis, yon Sitwayen Ameriken ak yon rezidan nan New York pou omwen 30 jou anvan eleksyon an.
  - Si w gen 16 oswa 17 ane, ou ka enskri davans pou w vote, men ou pa ka vote jiskaske ou gen 18 ane.
  - Ou pa kapab enskri pou vote si w nan prizon pou yon kondanasyon krim oswa si yon tribunal jije w pa kapab mantalman.
- Konsèy Eleksyon Eta New York:  
[www.elections.ny.gov/VotingRegister.html](http://www.elections.ny.gov/VotingRegister.html)
- Konsèy Eleksyon Vil Nouyòk:  
[vote.nyc/page/register-vote](http://vote.nyc/page/register-vote)
- Anrejistre sou Entènèt (si w gen yon Lisans Chofè Eta Nouyòk, yon Pèmi oswa yon ID ki pa lisans): [voterreg.dmv.ny.gov/MotorVoter](http://voterreg.dmv.ny.gov/MotorVoter)
- Mande yon fòm enskripsyon sou papye pa telefòn (ki disponib nan lang Angle oswa Panyòl): 1-800-FOR-VOTE ([1-800-367-8683](tel:1-800-367-8683))
- Si w pa sèten si ou te anrejistre pou vote? Tcheke sitiyasyon enskripsyon elektè w sou [voterlookup.elections.ny.gov](https://voterlookup.elections.ny.gov)

## Entwodiksyon 1867 – Vil nou an Vòt nou an (Vil New York)

- Nan mwa Jen 2022, yon Jij Tribunal Siprèm Eta Konte Richmond te anile Lwa lokal 11-2022, otreman ke yo rele Lwa Vil nou an Vòt nou an, ki t ap bay dwa pou vote minisipal prèske 1 milyon rezidan Vil Nouyòk an 2023, sa ki te kapab emansipe prèske 1 milyon rezidan Vil New York avèk dwa vòt minisipal nan 2023.
- Vil la te depoze yon apèl kont desizyon an, sa vle di lwa a ap toujou anba litij, epi aplikasyon lwa ap rete an poz.




## Ranpli taks ou nan 2023

- Sezon taks 2023 a kòmanse! IRS ap aksepte epi trete deklarasyon taks pou ane fiskal 2022, epi dat limit pou ranpli a se Madi 18 Avril 2023.
- Chanjman enpòtan pou ane fiskal 2022:
  - Kèk kredi taks ki te elaji an 2021 pral retounen nan nivo 2019. Sa vle di kontribyab ki afekte yo ap gen anpil chans pou yo resevwa yon ranbousman ki pi piti konpare ak ane fiskal anvan an. Chanjman yo gen ladan kantite lajan pou Kredi Taks pou Timoun (CTC), Kredi Taks sou Revni ou touche (EITC) ak Kredi Swen Timoun ak Depandan.
    - Moun ki te resevwa \$3,600 pou chak depandan an 2021 pou CTC a pral, si yo kalifye, ap jwenn \$2,000 pou ane fiskal 2022 a.
    - Pou EITC a, kontribyab ki elijib yo ki pa gen timoun ki te resevwa aperè \$1,500 an 2021 pral kounye a jwenn yon maksimòm \$560 an 2022.
    - Kredi Swen Timoun ak Depandan an retounen nan yon maksimòm \$2,100 an 2022 olye de \$8,000 an 2021.
  - Kontréman ak 2020 ak 2021, pa te gen okenn nouvo peman estimilis pou 2022 kidonk kontribyab yo pa ta dwe atann yo resevwa yon peman adisyonèl.
  - Pou plis enfòmasyon sou chanjman ki ka afekte deklarasyon taks ou a, vizite [irs.gov/newsroom/important-tax-alerts-and-news](https://irs.gov/newsroom/important-tax-alerts-and-news)

- Èske ou bezwen èd pou ranpli taks ou?
  - Ou ka jwenn èd gratis volontè IRS ki sètifye pou preparasyon taks nan pwogram Asistans Taks sou Revni Volontè (VITA), Konsèy Fiskal pou Moun Aje (TCE), ak pwogram èd Taks.
    - Sèvis sa yo disponib si revni w se \$60,000 oswa mwens, si w gen 60 ane oswa plis, oswa si w gen yon andikap oswa si w pa pale angle.
    - Pou w jwenn plis enfòmasyon ak pou jwenn yon kote ki toupre w, vizite [irs.gov/VITA](https://irs.gov/VITA)
  - Ou ka konekte vityèlman ak volontè IRS ki sètifye pou w prepare taks ou atravè [GetYourRefund.org](https://GetYourRefund.org)
    - Sèvis sa a gratis si revni w se \$66,000 oswa mwens, epi li se yon bon opsyon si w alèz pou w sèvi ak teknoloji.
  - Ou ka prepare epi ranpli pwòp deklarasyon ou atravè IRS Free File nan [irs.gov/freefile](https://irs.gov/freefile)
    - Si revni ou se \$73,000 oswa mwens, ou ka jwenn aksè nan asistans pou preparasyon taks ou.
- Ranpli taks ak yon Nimewo Idantifikasyon Endividyèl Taxpayer (ITIN)
  - ITIN yo disponib pou moun ki oblige gen yon nimewo idantifikasyon kontribyab ameriken men ki pa genyen, epi ki pa kalifye pou, yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN). Gen yon ITIN sa ap pèmèt ou ranpli taks ak reklame kredi taks ke ou kalifye pou yo.
  - Pou aprann plis sou fason pou aplike, pou ki kredi taks ou ta ka elijib ak lòt avantaj pou jwenn yon ITIN, vizite [taxoutreach.org/tax-filing/itin](https://taxoutreach.org/tax-filing/itin)
- Atansyon pou fwod! IRS p ap janm voye tèks, imèl, oswa kontakte w sou rezo sosyal pou mande enfòmasyon pèsònèl oswa finansye w.
  - Aprann enfòmasyon sou fwod taks ki sot pase yo ak kijan pou rekònèt ak rapòte youn nan [irs.gov/alerts](https://irs.gov/alerts)

### Pwogram Sibvansyon Finansman Semans Eta New York

- Pwogram Sibvansyon Finansman Semans Eta Nouyòk la bay ti biznis ki fen kòmanse yo asistans pou yo reyisi nan repriz ekonomi Eta New York.
- Kantite sibvansyon yo varye ant \$5,000 ak \$25,000.
- Elijiblité:
  - Ou dwe yon mikwo-biznis, ti biznis, oswa yon òganizasyon kiltirèl oswa pou pwofi, ki gen ladann kontraktè atistik endepandan.
  - Te kòmanse biznis nan dat 1ye Septanm 2018 oswa pita epi li te fonksyone pou omwen sis mwa anvan yo te soumèt yon aplikasyon
  - Yon sèl sibvansyon pou chak biznis EIN oswa otorize SSN
  - Pa t kalifye pou asistans biznis nan kad Pwogram Sibvansyon Eta New York COVID-19 Pandemic Small Business Recovery.
- Pou plis enfòmasyon sou elijiblité, egzijans dokimantasyon yo, ak depans ki elijib yo, ak pou aplike, vizite [nyseedgrant.com](http://nyseedgrant.com). Gid aplikasyon yo disponib nan plizyè lang.



### Pwogram kredi taks pou depans kapital COVID-19

- Pwogram Kredi Taks pou Depans Kapital 250 milyon dola COVID-19 la bay ti biznis Eta New York ki te chaje ak depans operasyon ki gen rapò ak pandemi, soti nan chanjman estriktirèl ak amelyorasyon biling nan founiti ak materyèl ki gen rapò ak sante.
- Pwogram nan ouvri pou ti biznis ki fonksyone nan Eta New York ak 100 anplwaye oswa mwens ak resi brit mwens pase \$2.5 milyon dola. Biznis la dwe fè omwen \$2,000 nan depans ki kalifye ant 1ye janvye 2021 ak 31 Desanm 2022.
- Ti biznis yo ka resevwa yon kredi taks 50% nan depans ki kalifye jiska yon maksimòm \$25,000 nan kredi taks ki baze sou depans ki kalifye nan \$50,000.
- Pou plis enfòmasyon ak pou aplike, vizite [esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit](http://esd.ny.gov/covid-19-capital-costs-tax-credit)

### Fon Opòtinite Ti Biznis NYC

- Fon Opòtinite Ti Biznis Vil Nouyòk la bay pwopriyetè ti biznis ak antreprenè yo k ap parèt nan senk minisipalite Vil Nouyòk yo, ki fleksib, ak yon to enterè ki ba ak sèvis sipò biznis gratis.
  - Pa gen okenn nòt kredi minimòm obligatwa
  - Prè jiska \$250,000 ak 4% to enterè fiks
  - Sipò biznis gratis nan men pretè lokal yo fè konfyans, ki baze sou misyon
  - Fasil pou aplike
  - Pa gen frè aplikasyon
  - Ouvè pou biznis nan tout nivo yo – soti nan demaraj pou rive nan devlopman ak rekonstriksyon
- For more information and to apply, visit [sbsopportunityfund.nyc](http://sbsopportunityfund.nyc)

# Konnen dwa ou

**Manm kominotè ansanm avèk alye yo ta dwe konnen dwa yo chak fwa yap fè fas ak Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE), Patwouy Fwontyè, oswa lòt otorite kap fè respekte lalwa.**

## **Si imigrasyon kanpe w oswa lòt otorite kap fè respekte lalwa, sonje:**

- Rete kalm. Pa kouri. Pa reziste oswa bloke ofisyè a.
- Pa bay manti oswa fo dokiman.
- Ou gen dwa pou rete an silans. Nenpòt bagay ou di ka itilize kont ou.
- Si yon ajan mande si yo ka fouye w oswa byen pèsonèl ou yo, ou gen dwa di non.
  - Sepandan, ou pa ka reziste fizikman.
  - Lapolis ka manyen rad ou si yo sisplèk gen yon zam.
- Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yon ajan imigrasyon mande papye imigrasyon w, ou dwe montre yo si ou genyen yo avèk ou.
- Si lapolis kanpe w, arete w oswa arase w, eseye jwenn non ajan an (yo), nimewo, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki idantifye w.
- Oumenm oswa yon lòt moun nan kominote a ka pran videoyo oswa odyo anrejistreman entèraksyon ak lapolis. Ou ka ekri tou sa ki te pase apre yo fin ale.
- Li ilegal pou ofisyè ki fè respekte lalwa yo fè nenpòt arè, fous, detansyon, oswa depòtasyon ki baze sou ras ou, orijin nasional, reliyion, sèks, oswa etnisite ou.

## **Ou ka rapòte entèraksyon ak ajan federal yo bay Pwojè Defans Imigran (IDP).**

**IDP bay enfòmasyon legal ak referans tou pou imigran yo te arete yo, yo te ba yo tikè oswa yo te kondane yo pou yon krim. Rele 212-725-6422 oswa imèl info@immdefense.org.**



## **Espas Prive**

- Kay ou ak lòt "espas prive" (tankou zòn travay sèlman pou anplwaye yo) genyen pwoteksyon espesyal ke espas publik yo pa genyen. Ofisyè yo ka antre nan espas prive sèlman si yo gen konsantman w oswa si yo montre w yon manda jidisyè (jij ki siyen).

## **Zòn Pwoteje yo**

- Nan dat 27 Oktòb 2021, Depatman Sekirite Nasional te pibliye yon nouvo règleman ki mete restriksyon sou aksyon ranfòsman ICE ak CBP nan oswa toupre "zòn ki pwoteje yo."
- Men kèk egzanp zòn ki pwoteje yo enkli, men li pa limite nan: lekòl ak lòt enstitisyon oswa evènman edikasyonèl, etablisman swen sante, kote pou adore, kote timoun yo rasanble, kote sèvis sosyal, sant repons pou katastwòf oswa ijans, seremoni tankou maryaj ak antèman, ak manifestasyon publik tankou parad ak rasanbleman.
- Nan Eta New York, ajan imigrasyon federal yo pa kapab arete moun nan, oswa ki pral ale oswa ki soti nan, eta, vil, ak tribunal minisipal, san yon manda jidisyè.

## **Pran prekosyon avèk fwod imigrasyon**

- Lwa imigrasyon konplike. Tanpri fè atansyon lè w ap diskite sou sitiayson w ak nenpòt moun oswa biznis.
- Ou ta dwe sèlman pale ak yon avoka oswa reprezantan Depatman Jistis (DOJ) akredite pou konsèy legal sou sitiayson ou.
- Pa janm jwenn èd pou imigrasyon nan men yon "notario", yon ajan vwayaj, yon moun k ap prepare taks, yon moun k ap prepare fòm oswa yon notè. Ozetazini, yon "notario" se PA yon avoka!

**Si w bezwen èd avèk dosye la oswa si w gen kesyon jeneral sou imigrasyon, rele liy dirèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636.**

# Krim Rayisman

Nan dènye mwa yo, gen plis rapò sou krim rayisman kont manm kominote imigran yo.

## Kisa yon krim rayisman ye?

- Yon krim rayisman se yon ofans ki motive pa patipri.
- Yon moun komèt yon krim rayisman lè yo komèt youn nan yon seri krim espesifik ki vize yon viktim akòz yon pèsepsyon oswa kwayans sou ras li, koulè, orijin nasyonal, zansèt, sèks, reliyion, pratik relijye, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl, oswa lè yo komèt yon zak konsa akoz yon rezilta kalite pèsepsyon oswa kwayans sa a.
- Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay Krim Rayisman an pou konbat ogmantasyon nan rapò sou menas, arasman ak vyolans ki motive patipri nan tout Eta New York.
- Lè yo rapòte krim rayisman, tout enfòmasyon konsènan eksperyans ou, idantite w, ak lòt moun rete konfidansyèl.

**Si ou wè yon bagay oswa si w viktim yon krim rayisman, rapòte l bay lapolis epi rele Divizyon Dwa Moun Eta New York.**

Rele **1-888-392-3644** oswa voye tèks "HATE" nan **81336**.

**Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim yon krim, Biwo Sèvis Viktim Eta New York kapab ede w ak bòdwo medikal ak depans konsèy, depans pou antèman ak finery, salè ki pèdi, ak lòt kalite asistans.**

Rele **1-800-247-8035** oswa vizite **ovs.ny.gov**.


## Pou moun ki abite NYC ak konte ki ozalantou yo

Nan NYC:

- Defansè Piblik
  - [212-669-7250](tel:212-669-7250)
- Pwokirè Distri Manhattan
  - [212-335-3100](tel:212-335-3100)
  - [manhattanda.org/victim-resources/hate-crimes](http://manhattanda.org/victim-resources/hate-crimes)
- Pwokirè Distri Brooklyn
  - [718-250-4949](tel:718-250-4949)
  - [brooklynnda.org/hate-crimes-bureau](http://brooklynnda.org/hate-crimes-bureau)
- Pwokirè Distri Queens
  - [718-286-6000](tel:718-286-6000)
- Komisyon NYC sou Dwa Moun
  - [718-722-3131](tel:718-722-3131)
  - [nyc.gov/cchr](http://nyc.gov/cchr)
- Asistans Viktim Safe Horizon
  - [1-866-689-4357](tel:1-866-689-4357)

Andeyò NYC:

- Pwokirè Distri Konte Nassau
  - [526-571-3505](tel:526-571-3505)
  - [nassauda.org](http://nassauda.org)
- Pwokirè Distri Konte Nassau, Biwo Afè Imigran
  - [516-571-7756](tel:516-571-7756)
- Egzekitif Konte Nassau Laura Curran
  - [516-571-3131](tel:516-571-3131)
- Pwokirè Distri Konte Suffolk
  - [631-853-4161](tel:631-853-4161)
  - [suffolkcountyny.gov/da](http://suffolkcountyny.gov/da)
- Depatman Lapolis Konte Suffolk, Inite Krim Rayisman
  - [631-852-6323](tel:631-852-6323)
- Konte Suffolk, Depatman Afè Minorite yo
  - [631-853-4738](tel:631-853-4738)
- Konte Westchester, Komisyon Dwa Moun
  - [914-995-7710](tel:914-995-7710)
  - [humanrights.westchestergov.com](http://humanrights.westchestergov.com)



# Resous NYS



## Biwo Eta Nouvo Ameriken yo

- Si oumenm oswa yon moun ou konnen ki bezwen asistans legal gratis, rele liy dirèk la nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636). Tout enfòmasyon apèl yo konfidansyèl. Asistans disponib nan plis pase 200 lang.

## Depatman Lasante Eta New York

- Pou jwenn dènye enfòmasyon sou pandemi COVID-19 la, rele liy dirèk la nan [1-888-364-3065](tel:1-888-364-3065) oswa vizite [ny.gov/coronavirus](http://ny.gov/coronavirus).
- Jwenn enfòmasyon sou vaksen COVID-19 nan New York nan [ny.gov/vaccine](http://ny.gov/vaccine).
- Aplike pou pwoteksyon sante: rele [1-855-355-5777](tel:1-855-355-5777) oswa vizite [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov).

## Biwo Sante Mantal Eta New York

- Si w gen kesyon sou sèvis sante mantal oswa pou jwenn yon founisè sèvis sante mantal, rele [1-800-597-8481](tel:1-800-597-8481) oswa vizite [omh.ny.gov](http://omh.ny.gov).
- Si w gen enkyetid akòz ijans kowonaviris la, rele [1-844-863-9314](tel:1-844-863-9314).
- National Suicide Prevention Lifeline: Si lavi w oswa yon lòt moun an danje iminan, rele 911.
- Si w nan kriz epi ou bezwen èd imedya, rele [1-800-273-8255](tel:1-800-273-8255) oswa voye tèks "GOT5" nan [741-741](tel:741-741).
- Vyolans Domestik: Si oumenm oswa yon lòt moun nan yon relasyon ap kontwole pa yon lòt moun atravè abi vèbal, fizik, oswa seksyèl, oswa lòt taktik, rele liy dirèk NYS Vyolans Domestik nan [1-800-942-6906](tel:1-800-942-6906).

## Depatman Travay Eta New York

- Depatman Travay la angaje l pou l pwoteje ak pwomouvwa sekirite ak sante travayè yo, salè, ak kondisyon travay yo.
- Pou jwenn enfòmasyon sou lwa sou salè ak lè, sante ak sekirite nan travay, oswa pou depoze yon plent, rele [1-888-469-7365](tel:1-888-469-7365) oswa vizite [dol.ny.gov/safety-and-health](http://dol.ny.gov/safety-and-health)
- Pou w jwenn èd ak Asirans Chomaj, rele [1-888-209-8124](tel:1-888-209-8124) oswa vizite [dol.ny.gov/unemployment/unemployment-insurance-assistance](http://dol.ny.gov/unemployment/unemployment-insurance-assistance).

## Divizyon Dwa Moun Eta New York

- Lwa sou Dwa Moun nan New York entèdi diskriminasyon nan domèn tankou travay, lojman, kredi, edikasyon, ak kote nan akomodasyon publik, ki baze sou laj, ras, orijin nasional, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, eta sivil, andikap, estati militè, ak lòt klas.
- Si w santi yo fè diskriminasyon kont ou, pote yon plent nan [1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644) oswa vizite [dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov).

## Resous COVID-19 Vil Nouyòk

- Rezidan NYC yo kap chèche founisè sèvis yo oswa lòt resous yo ka jwenn repètwa yo anba:
  - Edikasyon: [nyic.org/covid-education-resources](http://nyic.org/covid-education-resources)
  - Travay: [nyic.org/covid-employment-resources](http://nyic.org/covid-employment-resources)
  - Finansye: [nyic.org/covid-financial-resources](http://nyic.org/covid-financial-resources)
  - Manje: [nyic.org/covid-food-resources](http://nyic.org/covid-food-resources)
  - Swen sante: [nyic.org/covid-healthcare-resources](http://nyic.org/covid-healthcare-resources)
  - Ti biznis: [nyic.org/covid-small-business-resources](http://nyic.org/covid-small-business-resources)

Pou wè dokiman sa a sou entènèt oswa nan lòt lang yo, vizite [nyic.org/KYR](http://nyic.org/KYR) oswa eskane kòd sa a:



Si w gen kesyon oswa kòmantè sou twous zouti sa a oswa enfòmasyon ki ladan l, tanpri kontakte:  
Jennifer Diaz – [jdiaz@nyic.org](mailto:jdiaz@nyic.org) (NYC)  
Bryan Lee – [blee@nyic.org](mailto:blee@nyic.org) (Upstate NY)

Si w ta renmen pwograme yon atelye gratis Konnen dwa w ak gwoup kominotè w la, tanpri kontakte: [kyr@nyic.org](mailto:kyr@nyic.org).

Kowalisyon Imigrasyon New York (NYIC) se yon règleman parapli ak òganizasyon defans ki reprezante plis pase 200 gwoup dwa imigran ak refijye atravè New York.

Nou anvizaje yon Eta New York ki pi fò paske yo akeyi tout moun, trete yo san patipri, epi ba yo chans pou yo reyalize rèv yo. Misyon nou se pou ini imigran, manm, ak alye pou tout Nouyòkè yo ka pwospere.



#### New York Immigration Coalition

131 W 33rd St, Ste 610  
New York, NY 10001  
212 627 2227  
[nyic.org](http://nyic.org)